425	P: trus carane gawe piye?
426	I: kayune di sigari, trus disapit trus di encepno. Kayu ukuran satu meter
427	80-100 cm yo kenek, trus plastike dicepit di encepno,yo ono sing
428	ditaleni.
429	P: kiro-kiro biayane entek piro?
430	I: yo karek delok sawahe ombone sawahe, plastike regane 10.000-8
431	ribu, 15 ribu, 20 ribu, panjange 50 meter, yo sak musim tok kanggone
432	iku ae wes jebol kabeh gak kenek gawe.
433	P: umpan iku biayane piro?
434	I: per bumi 100 yo limangewu, paling larang yo sepulohewu.
434	P: emang harga obate iku piro seh pak?
435	I: yo ono sing sewu, rongewu, paling larang sepulohewu.
436	P: nang kene sing sawahe ombo iki sopo ae pak?
437	I: iku Kaji Miadi, Kaji Duki, Kaji Sueb.
438	P: la sawahe sampeyan gak ombo?
439	I: yo semedengan..
441	P: emang duwe sawah piro seh pak?
442	I: bumi 350 an.
443	P: la nok kene sing sawahe saitik sopo?
444	I: mahmud, pak sumaji iku mok duwe sawah seket. Kipiyah iku yo
445	termasuk saitik, mbah pat.
446	P: setrum iku alate opo ae?
447	I: gawe kawat, kayu gawe cagak, selang, kabel, lampu.
448	P: la aliran setrume ko ndi?
449	I: jengset iso, ko listrik omah yo iso.
450	P: biasae sing akeh digunakno wong iku ko opo?
451	I: nek sawahe dekat dengan rumah yo nganggo kabel disalurno listrik
452	omah, nek sawahe adoh yo nganggo jenset.
453	P: trus carane masang?
454	I: gawe cagak an disek sekitar 20 cm panjange, di seloboki selang trus

455	di tanam di encepno nang lemah, trus kawate ditarik i kawat tiap cagak,
456	tiap pojok dipasang lampu. Kawate dipasang nang ngisor cedek tanah,
457	ambek tanah sekitar 2/3 cm. Nganggo setop kontak di cupno trusan
458	nang alirane.
459	P: biaya yang dibutuhkan semua piro?
460	I: yo tergantung sawahe, ambek jarak jauh dekate ambek rumah. Yo
461	hampir satu juta seje setrume tiap bulan 50 rb iku.
462	P: nek membuat burung hantu alate opo ae?
463	I: kayu paku trus karpet hitam, pring gawe cagak.
464	P: trus carane membuat?
465	I: yo gawe kotak, ukuran 50 cm dibentuk rumah.
466	P: kiro-kiro biayane entek piro pak?
467	I: tiap satu rumah hampir 80 ribu.
468	P: la pembuatan rumah burung hantu itu dilakukan bersama atau
469	sendiri-sendiri?
470	I: iku sumbangan ko dinas, dadine cuma gawe limo gawe percontohan
471	sek, sesok nek wes berhasil yo sak karepe wong gawe gak gawe.
472	P: dadine sing paling berhasil gawe berantas hama tikus iku opo pak?
473	I: yo iku setrum sawah.
474	P: kan biayane mahal, lapo kok mileh setrum?
475	I: karena cukup memuaskan dan berhasil, biayane akeh tapi kenek di
476	gawe untuk seterusnya gawe beberapa tahun tiap musim bisa di pakek,
477	tapi nek kawate yo ganti tiapa musim. sing larang kan kabele.
478	P: apakah balik modal gak rugi?
479	I: yo gak rugi..kan kanggone gak mok pisan tok kanggone pirang-pirang
480	tahun, bisa di pakek lagi.
481	P: berarti setelah menggunakan setrum itu sudah berhasil iso panen,
482	sebelum menggunakan setrum iku iso panen koyok saiki gak?
483	I: yo panen tapi kurang berhasil, biasane oleh sak ton mok oleh limang
484	kintal, menurun, nek wayahe akeh tikus nek gak no tikus yo gak.
485	P: kan setrum iku bahaya gak wedi ke setrum?

486	I: yo wedi tapi yo kudu ati-ati. Biyen yo pernah ke setrum belai slamet
487	isek urip. Wes montang manting nang sawah.
488	P: lho iyo ta pak?gak kapok ta ngunuku
489	I: yo ora kudune luwih ati-ati maneh.
490	P: selain sampeyan sopo ae sing pernah ke setrum?
491	I: Supeno yo tau.
492	P: tapi isek gawe setrum sawah yo sampek saiki?
493	I: yo isek, yo iku mau luweh ati-ati maneh.
494	P: nyetrume ngunuku yah opo to?
495	I: yo bengi
496	P: ngunuku sampeyan tunggoni?
497	I: nek nganggo listrik omah yo ora nunggoni, yo arang-arang di ungak
498	lek pas lampune jeglek pasti ono masalah masio bengi yo jegur sawah
500	golek i masalahe. Nek ganggo jenset yo nunggoni sampek isuk.
501	P: la sampeyan iki nganggo setrum sawah alirane ko ndi?
502	I: ko listrik omah, makane entek akeh iku gawe tuku kabele.
503	P: la omahe sampeyan ambek sawah kan adoh.
504	I: yo tapi enak e lek nganggo listrik omah iku gak usah melek an
505	nunggoni.
506	P: ket kapan petani nganggo setrum sawah?
507	I: yo..wes ono telong patang tahunan.
508	P: la hama tikus e iku anane sejak kapan?
509	I: yo sekitar limang tahunan
510	P: la sampeyan masang setrume ngunuku ket kapan?
511	I: yo ket lagek icer pari, pokok e ket kawet icir sampek ate panen trus
512	nyetrum trus.
513	P: ow..yowes pak matur suwun, sesok maleh ngeh nek ono sing perlu
514	ditakokno.
515	I: yo...

Transkrip wawancara 5

Nama : H. Miadi
 Luas Tanah : bumi 1.700 (20.400 m²)
 Umur : 60 tahun
 Pendidikan : SD/ sederajat
 Pekerjaan : Petani pemilik sawah
 Lokasi : di rumah Bapak H. Miadi
 Waktu : 18 September 2015. 19:30 WIB

516	P: kangge mberantas hama tikus niku lho ngangge coro nopo mawon?
517	I: nek kene yo umpan, nek wes angel kendaliane trus setrum.
518	P: racun niku berhasil nopo mboten?
519	I:yo mbantu...jelas mbantu, trus ono sing baru maneh burung hantu iku.
520	Termasuk penemuan baru maneh iku.
521	P: sing paling berhasil niku nopo?
522	I: setrum..tapi yo bahaya
523	P: la kok tasek di gawe nek bahaya?
524	I: yo setrum iku andalane petani, tapi bahaya, segala macam nek kenek
525	yo mati. Yo kudu ati-ati.
526	P: trus yang pertama menggunakan setrum niku sinten?
527	I: yo aku iki sing biyen puuertama ngunakno setrum. Pelang sing
528	pertama yo aku, tak jogo suwengi-suwengi.
529	P: niku sumbere alirane listrik niku saking pundi?
530	I: yo jupuk ko omah kene di gowo langsung nang sawah kono, trus mari
531	ngunu ono neh jenset.
532	P: tapi jenengan njupuk saking griyo ngeh?
533	I: yo ko omah iki.
534	P: biayane ngoten niku entek piro?
535	I: yo nek biasae, karek ndelok kegunaane lek serangane ket awal entek e

536	sekitar satu sewu.
537	P: la nek suuwedoyo kaleh kabele?
538	I: ow, ngunu yo ringan kabel iku tuku bekas cekete kabel telepon, yo
539	sekitar entek telongatus patangatus ngunu. Kan kabel satu jalur tok ora
540	koyo nok omah ngeneki, apan wes nang sawah min plus e mek nang
541	tanah, iku mau siji nang lemah siji nang kawat iku baru makan lampune.
542	Cek roh wong nek ono setrum iku mau kan di tandai lampu.
543	P: trus sawah pundi mawon sing di setrum?
544	I: yo keneki tok sawah leboh.
545	P: sawah leboh niku nopo?
546	I: yo arane sawah sing parek karo omahe warga, pinggir deso pas.
547	P: sinten mawon sing gadah sawah ten leboh?
548	I: yo aku iki, Sihab, Fatmainah akeh.
549	P: jarake saking antarane saking sawah leboh sampek griyo niku pinten?
550	I: yo paling 50-200 meteran.
551	P: katah ten leboh sing nganggo setrum?
552	I: yo akeh, aku yo nganggo setrum, trus Sihab, Suntari, akeh.
553	P: kiro-kiro luase sawah leboh iku sak piro pak?
554	I: yo sekitar piro yo..7 Ha e...8 an Ha lah.
555	P: trus enten arane sawah nopo mawon selain leboh?
556	I: ono mbalong, ngemplak, tanggungan, kembar, ngempol, njali, gunting,
557	prambon, sekar, ambek leboh mau.
558	P: kok saget di arani ngoten yak nopo critane?
559	I: yo ono crotane, tapi yo ono sing ngerti ono sing gak ngerti?
560	P: la nek mbalong niku laopo kok di arani mbalong trus sawah pundi
561	mawon sing di arani mbalong?
562	I: mbalong iku mergone tanahe lebak. Iku sawah kidule kali tengah
563	sampek njok etan sedurunge kali jalan utama.
564	P: emang kali nok deso Pelang ono piro pak kaji?
565	I: kali leboh, kali tengah, kali jalan utama, kali kunir, ono neh kali
566	kembar tapi wes gak di gawe.

567	P: la sing duwe sawah nang Mbalong niku sinten mawon pak?
568	I: Taufik, Kasiaji, Wanito.
569	P: la sing nganggo setrum sopo ae?
570	I: yo Taufik iku, Kasiaji.
571	P: emang jarake saking griyo pinten pak?
572	I: yo 400-500 meteran ngunu.
573	P: la sawah Mbalong iki luase kiro-kiro piro pak?
574	I: 8 Hektar yo ono
575	P: sawah ngemplak niku pundi?
576	I: yo kidule sawah gunting.
577	P: jarake piro ko omah?
578	I: yo 800 meteran. Sing duwe sawah nang kene iki Jono, Sulastri, Sukari.
579	La sing nganggo setrum iku Jono nganggo jenset.
580	P: luase piro pak?
581	I: Yo sekitar 3 hektar.
582	P: trus nek sawah tanggungan niku ten pundi?lahnopo kok di arani
583	tanggungan?
584	I: yo mergone sawah nok kunu iku ngalor nanggung ngidul yo nanggung.
585	Nek ngalor iku adoh ko deso Pelang, nek ngidul iku adoh ko desa Mberu.
586	Sawah e iku paling kidul perbatasan ambek deso Mberu.
587	P: sing gadah sawah ten tanggungan niku sinten mawon?
588	I: Slamet, Husnan, Kasmijan.
589	P: sing nganggo setrum sinten?
590	I: yo Kasmijan
591	P: emange jarak e saking griyo pinten meter?
592	I: yo sekitar 600-700 an meter.
593	P: la luase kiro-kori pinten?
594	I: yo kiro-kiro 3 Hektar an.
595	P: la nek kembar niku pak?
596	I: kembar iku sawah pancen kembar sampek ngetan trus, di arani kembar
597	mergo nok kunu onok wit kembar. Sing duwe sawah nang kene iku Mif,

598	Kaseri, Suwardi. La sing nganggo setrum yo Mif ambek Kaseri.
599	P: la jarake ko omah pinten pak?
600	I: 300 meteran lah.
601	P: la luase pinten?
602	I: yo kiro-kiro 6 Hektar
603	P: ngempol pak ?
604	I: ngempol iku jejere kembar biyen di arani ngempol iku mergone ono
605	wit e gempol saiki wit e wes gak ono. Iku sekitar 300-an meter podo karo
606	kembar.
607	P: la sing ngadah sawah ten ngempol dan sing nganggo setrum sinten
608	pak?
609	I: Sukri, Kaji Suzudi, mbek Moskan, iku sing duwe sawah nang ngempol.
610	La lek sing nganggo setrum yo Sukri.
611	P: Njali niku?
612	I: Njali iku sawah adoh kono, mulai kali njali ngetan. Jarak e yo sekitar 1
613	Km an, sing duwe sawah nang kono yo Sidiq, Farhan, Husnan. Sidiq iku
614	nganggo setrum tapi yo ambek jenset.
615	P: la luase pinten pak?
616	I: njali iku ombo... yo ono 10 hektar an.
617	P: gunting ?
618	I: gunting iku kidule kembar sampek kuburan kunu, di arani gunting
619	mergone bentuk e koyo gunting. Prambon iku kidule tangkis, nek sekar
620	iku kulone tangkis. Gunting jarake ko omah yo sekitar 600 meteran. Sing
621	duwe sawah nang kono yo termasuk aku, Haji Jiaton, Bakir. Sing
622	nganggo setrum iku Bakir. Luase sekitar 3 hektar. La nek prambon iku yo
623	jarake 800 an meter, sing duwe sawah nang prambon iku Sunhaji, Kamid,
624	Kartib. Luase sekitar 3 hektaran. Gak ono sing nganggo setrum. La lek
625	sekar iku yo sekitar 700 meter jarake, trus luase 3 hektar podo karo
626	prambon, sing duwe sawah nang kene iki Kamim, Sumarji, Kasiono. Sing
627	nganggo setrum Sumarji.
628	P: la sing sawah mriko mboten di setrum?

629	I: gak gak di setrum.
630	P: la lahnopo kok mboten di setrum?
631	I: gak mampu kabele, yo di kei umpan umpan ngunu ae.
632	P: la metu pundi sing di setrum kaleh mboten?
633	I: yo wes imbang lah podo ae, sekitare kan yo nganggo setrum, aku gak
634	nyetrum tapi ngiring-ngiringane nyetrum podo ae, bener gak nyetrum tapi
635	aku ngekei umpan sistemku ngunu, nek berhasile yo imbang, nek akeh
636	tikuse yo mesti apik sing ono setrume, nek podo-podo akeh tikus. Nek
637	gak nemen tikuse ngunu ae yo imbang.
638	P: peralatanane niku nopo mawon sing kangge nyetrum?
639	I: yo pertama iku kabel, trus setop kontak atowo CB, trus nang kono
640	karek ngecupno trus nganggo sekakel yo iso, kawat. Umpomo sak hektar
641	ngunu kawate entek rong kilo. Trus cagak pring di kei selang banyu.
642	P: la sawahe jenengan sedoyo niku pinten?
643	I: nek sawahe dewe yo sekitar bumi sewu pitungatus,
644	P: pas nyetrum niku ono sing tumut ngoten niku?
645	I: yo kadang ono, yo iku maeng nek ditunuti wong iku repot, kan butuh
646	ngontrol kadang wonge nek gak iso ngontrol yo gak makan, makane
647	angel ditunuti wong aku kadang gak gelem, kadang yo gak enak ape
648	nolak iku kok piye ngunu sanganane.
649	P: nek nunut ngoten niku sistem pembayarane dos pundi?
650	I: yo sekedar ngeke i ngunu ae yo kadang seket sak pantese satus paling
651	pol. Gak tau ngeregani sak karepe sing ngekei.
652	P: selain tanaman padi, niku tikus ngeh nyerang tanaman liyo?
653	I: nyerang, mbolane iki justru akeh tikuse.
654	P: trus carane ngenek i tikus lek nyerang jagung yaknopo?
655	I: yo kunu mau ke'i umpan carane, la nek sisteme ngunakno obat celeng
656	iku yo iso kei air di adahi aqua trus kei obat ngunu ae yo di ombe trus
657	mati. Iku carane berantas nek ketigo.
658	P:lahnopo kok gak ngangge setrum?
659	I: gak iso nyala mergone garing tanahe, antarane kan butuh basah

670	antarane yo gak iso nyetrum mergone garing.
671	P: lek manton panen niku biasae di beto mantok nopo di tebasno.
672	I: yo sebagian ono sing di gowo muleh ono sing di dol. Yo karek ndelok
673	keadaan, nek gak ono tengkulake yo di jual, la kadang gak ono tengkulak
674	e, utowo nek murah-murah nemen yo di gowo muleh tapi di dol kintalan.
675	P: trus nek ten griyo ngoten niku nyimpene dos pundi?
676	I: yo di gawekno kawat iku dukurane, ngiring-ngiringane nek wes
677	tembok kan gak iso melbu.
678	P: nek biasane di tebasno niku nyimpene yotrone niku ten bank utowo di
679	damel nopo?
680	I: yo wes gak sampek nang bank kadang-kadang gawe kebutuhan omah
681	ngeneki, gawe biaya sekolahe cah, gawe tuku opo sekedar ngunu yo iyo.
682	Sing penting yo gawe biaya sekolah iku.
683	P: hama tikus niku sejak kapan enten hama tikus?
684	I: yo umpomo nek e musim tanam mulai gawe wineh ngunuku wes mulai
685	ono tikus, mulai nyebar wineh ngunuku wes mulai masang setrum, nek
686	gak ngunu yo di pasangi plastik.
687	P: gak dibobol ngoten niku?
688	I: yo di bobol tetep di bobol.
689	P: la sampek kapan ngoteniku nyetrume?
690	I: yo sampek panen, iku nek tikuse tuuuwerus, kadang nek pari wes mari
691	mublak ngunu wes gak ono yo wes gak ngakakno.
692	P: ngoten niku biasae angsal tikus pinten?
693	I: saiki karek ndelok ombo ciute tanahe, la nek saiki sekitar gawe wineh
694	tok ngunuku yo sekitar 30 luwih pertamane, engko nek wes kedua ketiga
695	mudun yo entuk sepuluh, entuk limo, tapi pokok e tiap hari pasti entok.
696	Yo ra akeh tapi tiap malam entok, yo nek uuuombo yo akeh satus
697	rongatusan yo entok nek pertamane nek biasane yo wes puluh-pulahan
698	ngunu ae.
699	P: la sak jek nganggo setrum niku saget panen ngeh?
700	I: he'e iyo, biyen sedurunge gunakno setrum yo pernah gak panen blas,

701	kae pas wayahe areal gak gunakno setrum yo sido gak berhasil entek.
702	P: niku kiro-kiro mboten saget panen ping pinten?
703	I: yo sedurunge kae yo sering gak panen, panen yo pinggir-pinggir ngunu
704	sering biyen iku gak panen. Tapi tikus iki lagek sak bar e petinggi soleh
705	iki ae, sedurunge kae yo ono tikus tapi gak koyo saiki.
706	P: trus sak jek ngangge setrum niku saget panen?
707	I: yo alhamdulillah iyo
708	P: ngangge setrum niku pun berapa tahun?
709	I: yo sekitar 3-4 tahunan
710	P: kan setrum niku bahaya lahnopo kok ngangge setrum?
711	I: la iku termasuk penemuane e, lain iku yo gak berhasil e.
712	P: setrum niku dilakukan sendiri-sendiri nopo bareng-bareng?
713	I: sendiri-sendiri,
714	P: jadi nek jagung niku cuma di umpan mawon?
715	I: iyo gak iso di setrum,
716	P: tapi saget panen ngeh?
717	I: yo penen, sabene iko yo panen.
718	P: sakniki nanem jagung?
719	I: saiki gak nanem mergone ulane wes akhir wes gak nanem.
720	P: kendalane pas nyetrum niku nopo mawon?
721	I: hujan gak iso makan, sampeyan roh unthuk e yuyu ngunuku iso nindihi
722	kawat sing nang sawah kunu mau iku yo ganggu, kelem yo ke ganggu,
723	ketindihan untuk yuyu yo ke kanggo. Kawat sawah iku gak gelem kelem,
724	kelem yo mati setrume.
725	P: kan ngangge setrum niku katah ngeh biyane nopo ngoten niku
726	nyucuk?
727	I: yo nyucuk, kan biyane mok satu kali tok sing akeh, nek kawate sawah
728	yo sak gawean trus guwak piro sak kilo mok rongpuluh ewu. Yo ringan.
729	P: berarti sing paling berhasil niku setrum ngeh?
730	I: iyo setrum tapi berbahaya
731	P: la ngoten niku kok enten sing mboten ngangge setrum?

732	I: yo kunu mau iku yo ngandalno tanggane, tikus kunu mau nek wes
733	kulino nang kunu koyo-koyo iku tamabh marani lampu, dadi sekitare iso
734	melu aman ngunu lho, koyok-koyok kancaku gek ingi rono ngunuku
735	dititik maneh ngunu koyo-koyo tapi.
736	P: berarti kangge berantas hama tikus niku umpan trus setrum trus
737	palstik?
738	I: he'e
739	P: la gropyokan niku?
740	I: iyo gropyokan yo ono
741	P: gropyokan niku pas awal-awal enten tikus?
742	I: iyo apan tanahe isek bero ngunu kae gropyokan, la nek ketigo ngeneki
743	angel wes gak iso kan nok jero telo-telo wes angel.
744	P: la pas gropyokan niku bareng-bareng nopo kiyambak-kiyambak?
745	I: yo bareng-bareng, iku sing udan pertama labohan iku biasae mesti ono
746	gropyokan, tanahe kodanen wes gembur tikus kan ngambang telone wes
747	buntu kabeh ngunuku ono gropyokan.
747	P: tapi jarang di gunakno gropyokan niku?
748	I : yo tiap tahun yo ono, cumak e yo iku mau opo gak iso sayuk, ra isone
749	sayuk mergo kelompoke ora sak lokasi, aku biyen ngusulno jamane pak
750	inggi Soleh sak lokasi umpomo sak kotak lokasi SD ngunuku ono
751	kelompok e satu iso. La umpomo wong gak duwe sawah nok kunu di jak
752	nok kunu yo gak gelem. Ngunu sisteme saiki ngunu, kerukunane wong
753	biyen karo saiki kan seje, dadi nek wong duwe sawah nok kunu yo jelas
754	gelem di jak nang kunu. La nek gak duwe sawah nang kunu yo emoh.
755	Tapi nek saiki winginane yo gak patek berhasil mergone gak dibentuk
756	kelompok.
757	P: berarti riyen pernah di bentuk kelompok?
758	I: he'e dadi yo sodok berhasil nok lokasi SD sing duwe sawah nang kunu
759	metu kabeh. Dadi gentenan sing duwe sawah nang kene yo rono.
760	P: jenengan berarti ngangge setrum trus selama tiga tahun niki?
761	I: yo terus gak gang blas, yo selama paling emapt tahun paling. Tapi nek

762	gak ono tikus yo gak ngakakno.
763	P: tapi sakniki tasek katah tikuse sing pas dek wingi niku?
764	I: yo akeh wingi iku tapi awal-awal tandur, tapi akhir-akhir iki wes gak
765	sepiro.
766	P: ngeh sampun matur nuwun
767	I: He'e



Transkrip Wawancara 6

Nama : Ibu Fatmainah (janda)

Umur : 55 tahun

Luas Sawah : bumi 150 (1800 m²)


Pendidikan : SD/sederajat

Pekerjaan : ibu rumah tangga dan petani

768	P : assalamualaikum..
769	I : waalaikumsalam..lapo mbak nur?
770	P: hehe,,ape takok-takok mbah masalah sawah tikus.
771	I : takok opo?ndang kene..
772	P: iku lho mbah pat, lek ono hama tikus iku di apakno?
773	I : e...aku gak gawe setrum, mergone gak ono sing ngurusi, jane yo
774	pengen ganggo setrum, yo tau gak panen..mergone gak ono sing ngurusi,
775	ngunuku kan njaluk ngecek i terus mben bengi.
776	P: la selain setrum nganggo opo ae mbah?
777	I : tikus iku di obati gak mempan, tau ngobati iku tambah uuuwakeh.
778	Tapi saiki gak koyo kae akehe, saiki iku yo kalong tapi saitik, biyen sak
779	kedok entek.
780	P: gak tau nganggo pager plastik mbah?
781	I : he'e tau, tapine mok gawe wineh tok..
782	P: berarti tau gak panen mbah biyen?
783	I : tau ping 3 an tau gak panen.
784	P : tonggone gak ono sing nyetrum mbah?
785	I : yo Kaji Miadi iku, wonge gak muleh-muleh ko sawah yo panen.
786	P: kok gak melok Kaji Miadi mbah pat?
787	I : e...yo karepe ngunu tapi ora wong ngunuku butuh ngontrol kok gak
788	iso.
789	P :e...kok gak ngongkon wong ae mbah pat?

780	I : yo anjame ngunu, mbuh biyen iku gak duwe duwek, la yo ngonku iku
781	sing gak metu, liya-liyane sing di setrum yo iso gowo muleh.
782	P : lek mek wong ngunuku biasae pas wayahe opo mbah?
783	I : e...yo mek wong tandur, maton, ndaud, ngejek. Iku biasae dipekno
784	wong.
785	P : la opahe ngunuku piro mbah?
786	I : nek ndaud yo 40, nek ngejek maton tandur iku yo 30 ngekei mangan,
787	35 wes bebas gak ngekei mangan.
788	P: ngunuku ket jam piro sampek jam piro mbah?
789	I : ket jam 6 isuk sampek jam 12 an.
790	P: ngejek iku piye mbah?
791	I : yo icir pari nek pas lagek mari udan bar ketigo dowo ngunuku di
792	arani ngejek. Nek tandur iku lek musim tanam kedua biasae sawah iku
793	wes bek banyu.
794	P : duwe sawah piro to mbah pat?
795	I : bumi 150 iku
796	P: sawah e sampeyan iku daerah endi? Leboh to opo ngunu?
797	I : he'e daerah leboh.
798	P: mbah, wong duwe sawah nang kene iku piye ae carane?maksude
799	koyo sawah gaden to sewo ngunuku lho?
800	I: e...yo sawahe dewe, duwe dewe. Ono sing nyewo, ono sing gadekno,
801	proan.
802	P : sawah sewo an iku modele piye mbah?
803	I : yo biasane wong sing butuh duwek nduwe sawah di gadekno wong
804	piro gambare 5 juta digarapno rong tahun. Engko nek wes mari rong
805	tahun yo balikno. Nek gedekno iku wong nyilah duwek trus dicekeli
806	sawah engko nek iso mbalikno duwek e yo sawahe dibalikno ngunu. Lek
807	paroan iku yo sawah iku digarapno wong trus hasile di bagi wong loro.
808	P: la nek jagung gak ono tikuse mbah pat?
809	I : mbuh wes gak tau icer jagung sak jek kaline di bangun iku ewoh.
810	P: biasae nek ngunduh pari di dol to di gowo muleh?

- | | |
|-----|--|
| 811 | I : aku geknane yo tak dol sebagian tak gowo muleh..masio tak dol |
| 812 | kabeh gawe butuh an yo gak cukup, nek gak masi gabah nang omah iku |
| 813 | kyok piye, nek wes ono gabah iku ayem ngunu, nempur iku gak enak. |
| 814 | P : biyen pas gurung duwe omahe gabah iki gak di pangan tikus? |
| 815 | I : yo dipangan, tikus tok. |
| 816 | P: ow yowes mbah ngunu ae.. |
| 817 | I : wes ngunu tok.. |
| 818 | P : iyo mbah, matur nuwun.. |



Transkrip Wawancara 7

Nama : Taufik (ketua kelompok tani)
 Umur : 62 tahun
 Pendidikan : SD/ sederajat
 Pekerjaan : petani dan tukang kebun SD Kebalanpelang
 Luas sawah : bumi 150 (1800 m²)
 Tempat : di rumah Bapak Miftah saat rapat pengurus kelompok tani
 Waktu : 25 Agustus 2015. 19:30

818	P: kelompok tani ten pelang enten berapa?
820	I: ono 2, kelompok tani Balan Maju I ambek Balan Maju II. Iku
821	tergabung dalam gapoktan Desa Kebalanpelang. Balan Maju I iku
822	mencakup sawah kulone dalam utama kae, nek Balan Maju II yo etane
823	dalan.
824	P: kelompok tani desa Kebalanpelang iki berdiri tahun pinten?
825	I: em....wes suwe, yo sekitar tahun 1992 an ngunu.
826	P: kegiatan kelompok tani niki nopo mawon mbah?
827	I: yo menggerakkan petani ben kompak garap sawah, mengawasi
828	permasalahan apa yang sedang di hadapi petani, menyalurkan bantuan
829	dari pemerintah. Engko permasalahan opo sing di hadapi petani trus
830	kene melakukan tindakan. Menggiatkan gropyokan tiap musim tanam
831	pertama.
832	P: bantuan apa saja yang diberikan pemerintah?
833	I: yo tau di kei traktor, desel, bibit, obat-obatan, umpan.
834	P: ngunuku piye gawene traktor, desele?
835	I: di kontrakno wong desel traktore, hasile gawe kas kelompok.
836	P: pertemuane kelompok tani iku kapan ae mbah?
837	I: yo nek atene tanam kedua ngunu iku, ambek yo sak wayah-wayah nek
838	ono perlune.

839	P: la oleh sumbangan opo ae mbah untuk menanganani hama tikus?
840	I: yo oleh, tau oleh umpan, obat tikus. Iku geknane yo gawe rumah
841	burung hantu barang tapi yo uang kase kelompok. Gawe 5 omah.
842	P: yowes mbah, matur nuwun.
843	I: wes mok ngunu tok..ywes
844	P: yo sesok nek ono pertanyaan yo takok maneh mbah.
845	I: yo..



Transkrip Wawancara 8

Nama : Bapak Sumaji
 Luas Tanah : bumi 50 (60 m²)
 Umur : 50 tahun
 Pekerjaan sampingan : guru PNS
 Pendidikan : S-1
 Tempat : rumah Bapak Sumaji
 Waktu : 20 September 2015. 15:04

846	I: lapo nur?
847	P: niki lho pak ajenge tanglet tentang sawah-sawah..
848	I: he'e
849	P: sampeyan ngadah sawah pinten?
850	I: sawah ngonku dewe yo mok seket.
851	P: hama tikuse katah ngeh pak?
852	I: yo akeh tapi lek musim iki yo gak sepiro
853	P: nate gak panen gara-gara tikus pak?
854	I: tau tahun piro, yo tahun 3 tahun kepungkur. Yo pernah Pelang gagal
855	panen.
856	P: coro nopo mawon sing jenengan damel kangge memberantas hama
857	tikus?
858	I: aku gak nganggo setrum, tak atasi dewe kae tak keeprok galenge trus
859	tikuse tak ajak. Lek gawe wineh tak kei pager plastik.
860	P: mboten dibobol?
861	I: yo dibobol, trus tak buntu dibobol maneh. Trus tak suloh tak gawakno
862	gepuk, yo kadang oleh 3 oleh 4.
863	P: bararti jenengan sering ngajaki tikus?
864	I: yo lek bengi..tak sulohi.
865	P: la nopo kok gak ngangge setrum?

866	I: yo gak nganggo setrum mergone tonggo-tonggone yo gak ono sing
867	nganggo setrum, lek aku tok sing nyetrum engko muleh turu gak iso
868	tenang. Yo tak atasi dengan cara iku mau ngajak tikus.
869	P: la lek ngajak tikus ngoten niku alate nopo mawon?
870	I: yo kayu iku ambek sengkap wes iku tok.
871	P: ngoten niku telas biaya pinten?
872	I: yo gak ngentekno biaya blas, bondo tenogo tok.
871	P: la kendalane pas ngajak tikus niku nopo mawon?
872	I: yo lek tikuse melbu leng ewoh.
873	P: la lek panen digowo muleh gak dipangan tikus?
874	I: yo di gawekno kamar khusus gak ono tikuse.
875	P: la lek nanam jagung gak di pangan tikus?
876	I: yo ono, tapi aku wes patang tahun iki gak nanam jangung.
877	P: la lek icer jangung di pangan tikus ngunuku sampeyan apakno?
878	I: yo gak tak pa-pakno sak metu-metune. Tapi saiki jarang wong icir
879	soale kendalane lek musim kemarau iku tikus ambek banyune angel.
880	P: ngehpun pak matur nuwun.
881	I: yo yo.